

ABSTRAK

Hafidah Wagiranti, 2019. **Pangajaran Biologi anu Nyoko kana Wikipedia pikeun Ngukur Kaparigelan Literasi Informasi Siswa dina Matéri Bakteri.** Pangaping I H. Dadi Setia Adi, M.Sc., Ph. D. jeung Pangaping II Rifki Survani, S.Pd., M.Pd.

Tujuan ieu panalungtikan pikeun ngukur kamampuh kaparigelan literasi informasi jeung pamahaman konsép siswa kalawan pangajaran anu nyoko kana *wikipedia* dina matéri baktéri. Méthode panalungtikan anu digunakeun nyaéta *Pre-Experimental* kalawan desain panalungtikan *One-Group Pretest-Posttest*. Subjék tina ieu panalungtikan ditangtukeun ku téhnik *purposive sampling* nyaéta siswa kelas X MIPA di SMA Pasundan 4 Bandung semester ganjil taun ajaran 2019/2020. Data hasil ieu panalungtikan dicangking tina *pretest* jeung *posttest*, angkét, tur observasi. Tina data hasil *pretest* jeung *posttest*, dicangking skor rata-rata *pretest* 44,52 jeung skor rata-rata *posttest* 83,70, sarta hasil N-Gain dicangking skor 0,69 kalawan katégori sedeng. Ari tina hasil angket, réson siswa kana pangajaran, nyangking skor 3,01 kalawan katégori hadé. Tina angkét kaparigelan literasi informasi nyangking skor rata-rata 3,02, hartina kamampuh kaparigelan siswa kaasup kana katégori hadé. Satuluyna, hasil observasi paripolah siswa salila pangajaran nyangking skor 94% kalawan katégori hadé pisan. Tina data hasil panalungtikan, bisa dicindekkeun yén pangajaran anu nyoko kana matéri bakteri bisa ngukur kaparigelan literasi informasi siswa, sarta ngaronjatkeun pamahaman konsép siswa kana matéri bakteri.

Kecap Galeuh: literasi informasi, *wikipedia*, bakteri.